



ÈSKE OU TE KONNEN?

716 se mwayèn
nòt kredi

moun k ap achte kay pou
premye fwa.

- *Urban Institute*

KONSÈY LOJMAN HUD APWOUVE SE REȘOUS OU KA FÈ KONFYANS.

N ap bay konsomatè jarèt pou yo
ka fè bonjan desizyon sou lojman.
Konsèy lojman HUD apwouve yo
ede plis pase yon milyon fwaye
chak ane.



Menm si yo apwouve yon ajans konsèy lojman, sa pa
vle di HUD bay yon garanti oswa andòsman ajans ki
apwouve a oswa anplwaye li yo pou yon kliyan oswa
nenpòt lòt òganizasyon oswa moun. Lè yo apwouve li
sa vle di ajans la genyen kalifikasyon epi li te respekte
kondisyon HUD egzijje yo.



MOUN K AP ACHE KAY POU PREMYE FWA ENFÒMASYON DEBAZ SOU KREDI



OFFICE OF
HOUSING COUNSELING
hud.gov/housingcounseling
1-800-569-4287

POUKISA KREDI OU KONTE






TI KONSÈY RAPID POU W KA GEN BON KREDI

- ▶ Diminye dèt ou mezi ou kapab
- ▶ Peye bòdwo ou yo a lè
- ▶ Tcheke rapò kredi GRATIS ou
- ▶ Pran san w pou w konsidere kantite nouvo kont ou dwe louvri
- ▶ Sèvi ak kat kredi ou ak responsabilite
- ▶ Rezoud pwoblèm kredi imedyatman
- ▶ Evite magouy nan zafè reparasyon kredi

Li enpòtan pou w konprann kisa kredi ye ak kijan li ka afekte wout pou w achte kay ou, paske dosye kredi ou se yon faktè kle pou w kalifye pou jwenn kredi pou achte yon kay. Li enpòtan pou jwenn bonjan enfòmasyon, nan bon kote yo. Gen anpil moun k ap bay vye òf pou rapò kredi gratis. Yon sous ou ka fè konfyans se annualcreditreport.com. Li pou chèche enfòmasyon debaz sou kredi ak kijan ou ka pran wout pou achte kay ou yon fason pi fasil ak èd ajans konsèy lojman lokal ou a.

NÒT KREDI OU

ECHÈL NÒT KREDI

	Ekselan 750 ak pi wo
	Bon 700-749
	Pasab 650-699
	Fèb 550-649
	Mal 549 ak pi ba

Sa yo rele nòt FICO® a tou, nòt kredi ou se sa pretè yo utilize pou detèmine si ou merite kredi. Si ou abitye peye bòdwo ou yo alè, pretè yo ka alèz pou yo sipoze w ap remèt kredi yo ba ou a. Biwo rapò kredi yo itilize enfòmasyon nan dosye finansye ou pou kalkile nòt kredi ou.

KIJAN NOU KA EDE

ANN PALE SOU LI

- ▶ Revize nòt kredi ou
- ▶ Fè planifikasyon ak bidjè
- ▶ Jere dèt sou kat kredi
- ▶ Amelyore kredi ou

Pi bonè ou tcheke nòt ou a nan pwosesis pou achte kay la, l ap pi bon toujou, konsa w ap ka detèmine si gen nenpòt pwoblèm ak nòt ou anvan ou kòmanse chèche kay la. Si ou gen nenpòt avètisman ki ta ka afekte nòt ou yon move fason, ou ka pale ak ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou a sou fason pou amelyore kredi ou.

KONSEYE LOJMAN NAN KAT KWEN PEYI A



Chemen pou achte kay ou a long, men ou pa bezwen mache poukont ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kredi oswa pou jwenn yon ajans konsèy lojman HUD apwouve, ale sou sitwèb hud.gov/housingcounseling oswa rele 1-800-569-4287. Nou la pou ede achte kay ou!